

AHATANGIRWA AMAKURU

Sentare y'abana ifise igisata gitanga amakuru ku muntu wese. Hano ushobora:

- Gukoresha icuma ngurukana bumenyi kuraba amakuru ajanye n'ibikenewe mw'I sentare.
- Kubona ubufasha mu kurondera ibijanye n'ikibazo cawe.
- Kuzuzwa impapuro zo gushiraho itegeko ryo kukurinda no gutanga itegeko ryo kukurinda gutotezwa, hamwe nizindi fomu zikoresha mu Sentare.

GUTANGA IBIREGO

Nimba ubona utahawe ubufasha bw'ururimi bukwiriye mw'I Sentare canke mu gukurikiranwa vya hafi, canke serivisi iyo ari yo yose yatanzwe na Sentare, Rungika **Ifomu y' ikirego kuri Serivisi za Sentare z' Ubufasha bw' Indimi.**

Ushobora kubona iyi fomu uhamagaye CITS kuri numero ziri hejuru canke ukavana urupapuro kuri uru rubuga rwa Sentare (www.sc.pima.gov).

INGINGO ZO KWITONDERA

- Soma neza kandi tahura neza amabaruwa yose yo muri Sentare.
- Witondere cane amatariki yo kwitaba muri Sentare n'amatariki ntarengwa.
- Ntukirengagize impapuro zo guhamagazwa, canke ivyo usabwa vyose n'amategeko.
- Kugerera mu Sentare ku gihe.
- Kumenyekanisha numero ya terefone, n'aderesi mu Sentare igihe cose bihindutse.
- Niba **ukeneye serivisi zo gusigurirwa canke ubufasha bwihuta**, hamagara **(520) 724-2961** usabe ubufasha ukimara kumenya itariki n'isaha uzokwitabirako Sentare.
- Ushaka amakuru yerekeye ibiciro vyo gutanga ibirego, canke gukurirwaho ikiguzi, hamagara Umukozi wa Sentare abijejwe kuri **(520) 724-2064**.

Ibikorwa vya Sentare y'Abana muri Kawunti ya Pima ijejwe ni ukubungabunga umutekano w'abana, urwaruka rukagororwa, kandi abenegihugu bakaba bafise umutekano uvuye mu gutunganirizwa neza ku gihe kandi idahengamiye ahantu n'ahamwe, no gutanga serivisi nziza.



KIRUNDI

**KURANGIRA ABAKENERA
UBUFASHA MW'I SENTARE
BAFISE UBUMENYI BW'
ICONGEREZA BUKE
(LEP)**



Pima County Juvenile Court
2225 East Ajo Way
Tucson, AZ 85713

(520) 724-2000

www.sc.pima.gov

SERIVISI Z'ABASIGURA INDIMI BA SENTARE (CITS)

JUVENILE COURT (520) 724-2961

Serivisi zo Gusigura indimi za Sentare (CITS) ziriho kugira zoroherenze uburenganzira bwabitura Sentare bose mu buryo bwiza.

Nimba ufise uruhare mu kirego kiri mw'I Sentare kandi ukeneye serivisi zo gusigurirwa, telefona ibiro vya CITS kugirango utegure umusiguzi w'ururimi rukwiye mbere yo kwitaba Sentare:

Nimba ukoresheje umusiguzi wa Sentare wibuke ko akazi k'umusiguzi ari ukugusigurira neza ivyavuzwe, atacongeweko, atakigabanyijweko, canke ngo hagire igihindurwa iyo arico cose ku vyavuzwe.

UMUSIGUZI WA SENTARE NTASHOBORA

- Kuguha ivyiyumviro kubijanye n'amategeko canke impanuro ziwe ku giti ciwe.
- Kwishura ibibazo bijanye n'amategeko canke inzira zemewe n'amategeko.
- Kuvugana nawe kuvyerekeye ikibazo ciwawe.
- Kugusigurira ico amajambo asigura, canke ibibera mw'isentare.
- Kugirana ikiganiro nawe, umuryango wawe, canke umuntu wese afise uruhare mu kibazo cawe.

AMATEGEKO YO KURINDWA N' AMABWIRIZA YO KURWANYA KUBUZWA UMWIDEGEMVYO

Nimba wewe canke umwe mu bagize umuryango wawe ashobora guhura n'ihohoterwa rikorerwa mu ngo rikozwe n'uwundi muntu wo mu muryango, uwo mwubakanye, canke uwo mwari mwarubakanye, canke musangiye ubundi bucuti, ushobora gusaba Itegeko ryo Kurindwa. Amabwiriza yo Kurwanya Kubuzwa umwidgegemvyo ashobora gukoreshwa mu matati hagati y'ababanyi canke abandi bantu.

Ifomu zo gusaba itegeko ryo kurindwa zigomba kuzuzwa kumurongo wa AZPOINT (<https://azpoint.azcourts.gov>).

Imbere yo gusaba Itegeko ryo Kurindwa

Urashobora kuvugana n'uwujejwe ikirego c'abahohotewe mbere yo gutanga dosiye ugahamagara kuri (602) 279-2900 canke (800) 782-6400

Usabwa kuja kuri sentare ya Arizona gutanga icifuzo cawe. Niba umushikirizamanza yemeye icifuzo canke ikirego cawe, Itegeko ryo kurindwa rirungikwa umunsi ritangiweko. Ata kiguzi gisabwe.

Nimba ukeneye ubufasha bw'ururimi kugirango wuzuze ifomu za Sentare, harimwo n'Itegeko ryo kurindwa, hamagara CITS (Serivisi z'abasigura indimi za Sentare) kuri terefone (520) 724-2961 canke imeri: jvcits@sc.pima.gov

